Ассаламу гIалайкум, Казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК **Чапар**

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 19 (93156)/ 15 май 2017 с./ итни 19 Шаг1бан 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail. ru

# К1удияб Бергьенлъиялъ - 72 сон!

## Бергьенлъиялъул парад



Нилъер щивасул гIумруялда жаниб цо хасаб бакI кколеб байрам буго 9-Май. Гьеб нилъеца кIодо гьабула рекIелъ рохелгун ва пашманлъигун. Сонал анагIан, К1удияб Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1азул ц1арал нилъее гIагарлъула, рекIелъ щулаго хутIула. Кидаго гIадин, КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубай кIодо гьабуна районалъул Централияб байданалда. Абизе бегьула цересел соназде дандеккун, гьениб букIанин кIудияб чIаголъи. Байрамалде гIахьаллъана районалъул росабазул идарабазул хIалтIухъаби, рагъул ва захIматалъул ветеранал, рагъухъаби - интернационалистал,росабазул жамаг1атазул вакилзаби, цIалдохъаби, ясли-ахазул гьитIичал. Данделъиялъе берцинлъи кьун букIана гьороца парпадизарулел байрахъаз, тIогьол квацIабаз, гьитIичаз кодор ккурал кьер-кьерал шараз, гьезул каранда рарал Георгиясулал лентаз ва рагъул гIахьалчагIазул орденалгун медалаз.



Байрам байбихьана, ЦIарлъаларев солдатасул памятникалда цере тIугьдузул квац1аби лъеялдалъун. Хадуб байбихьана байрам баркиялъул кIалъаял. Рагъул ва захIматалъул ветераназул хIурматалда, гьезул къо хIехьеялъе, бахIарчилъиялъе къимат кьураб к1алъай гьабуна районалъул администрациялъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас, «Салатавия» информациялъулаб агентствоялъе нухмалъулей Н. В. Качалаевалъ, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. Д. ГIумахановас, Дилим росдал гимназиялъул 9 классалъул цIалдохъан З. ХIамзатхановалъ, райбольницаялъул бетIерай педиатр М. С. Дарбищевалъ, Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул директор Н. Р. Зиялродиновалъ.




Бергьенлъиялъул къоялде хIадур гьарурал театралиял сценкаби рихьизаруна Дилим росдал культураялъул Централъул, Хубар, Гуни, Гъозтала росабазул клубазул хIалтIухъабаз, ва лицеялъул гимназиялъул цIалдохъабаз.

Жидерго кьурдабигун цере рахъана «Маргьа» лъималазул ахалъул гьитIичал ва искусствоялъул школалъул цIалдохъаби. Байрам ана балагьаразул рак1азе рохалилаб асар гьабулеб х1алалъ. Данделъи бачана Зарема ГIалиевалъ, Рамазан ва Динара Гъанищеваз.

***ХI. КАРИМОВА.***

## *Рагъул ветеранал кIодо гьарун...*



5 маялда районалъул рагъул ветеранал кIодо гьарун, гьезухъе гьоболлъухъ щвана республикаялъул бет1ерасул хасав вакил, транспорталъулгун энергетикаялъул ва бухьеналъул министр С. Д. ГIумаханов, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместитель И. И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисханов, ДЮСШялъул директор, М-п. (К-п.) Д. ГIумахановасул кумекчи М. М. ГIазаев, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъе нухмалъулей П. Айтемирова, социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул Централъе нухмалъулев Ю. МухIаев, рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х. МухIамадхIабибов, «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб исполкомалъе нухмалъулев С. Алтумирзаев ва цогидалги.

Дагъистаналъул бетIер Р.ХI. ГIабдулатIиповасул, хIукуматалъул ва жиндирго рахъалдасан С. Д. ГIумахановас ветераназда баркана КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубай ва гьезие кьуна г1арцулал шапакъатал.

Гьединалго сайгъатаздалъун, ветеранал кIодо гьаруна –ХI. ХI. Мусаевас, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М-п. (К-п) Д. ГIумахановасул рахъалдасан М. ГIазаевас, «Цогояб Россия» партиялъул политсоветалъул секретарь, Халкъияб Собраниялъул депутат Т.МахIачевасул рахъалдасан С. Алтумирзаевас.

Гьалбаз ветераназе гьарана щулияб сахлъи ва ракълилаб г1умру.

***М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.***

## *ХIурматиял «Чапар» газеталъул редакциялъул хIалтIухъаби!*

РакI-ракIалъ баркула нужеда КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубай.Гьарула нужее щулияб сахлъи, талихI, рохел ва гьабулеб ишалъулъ битIккей.

### *Баркигун нужер божарал гьудулзаби:*

**Н. Къасуев (Алмахъский), Х. Висаитов, М-р. ЛабазанхIажиев, ГI. МухIамадов, Б. Халилулаев, М. Девлетмирзаев, Д. ЛатIипов, С-м. СагитмухIамадов, М. Базаев, С. Сабиев, Ш. Шамирзаев, У. ХIажиева, М. Мазакъова, А. Сурхаева, С. Гереханова, П. МухIамадова, С. Расулов, Д. Динаев, К.МахIмудов, Т. ХIажиев, ХI. Адимирзаев, Х. М-хIабибов, С. Алтумирзаев, ГI. ГIабдулмуслимов, М. Къудуев ва гIемерал цогидалги.**

ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Хвелгъечlеб полк

Гьеб цlаралда гъоркь,араб соналъго гlадин,8 маялда Алмахъалда тIобитIана КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялда хурхараб данделъи. Гьенире гIахьаллъана - районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, прокурор М. Халилов, ОМВ-Дялъул начальник ГI. Халидов, Южно-Сухокумск шагьаралъул прокурор М. Иманалиев,Хасавюрталъул мэр З. Охъмазов,гьесул заместитель ХI. Пумаров, жамгIияв хIаракатчи А. Сатираев, МВДялъул ветеран ГI.Идрисов, жамгIиял хIаракатчагIи- Ш.Яндаев, З.Къудуев, С. Пейзулаев,Хасавюрталъул МВДялъул ветераназул Советалъул председатель З.Пумаров,Алмахъ ва Калининаул росабазул бутIрул,рагъул ветеранал: А. МухIамадов, М. ХарсмухIамадов,жамагIатазул вакилзаби,захIматалъул ветеранал, росдал гIадамал, мугIалимзабигун цIалдохъаби.



КIалъазе рахъарал- М. Салгереевас, ХI.Мусаевас, З.Охъмазовас бицана КIудияб Бергьенлъиялъул къо нилъер гIадамазе бищун хирияблъун букIиналъул, рагъулгун захIматалъул ветеранал г1олеб г1елалда к1очене бегьунгурт1иялъул. .

**«Ахириял соназ, гIемерал гIарцул сурсатал тIадги хвезарун,цо-цо къватIисел улкабаз кинабго гьабулеб буго гIолеб гIелалда нилъер тарих кIоченабиялъе, фашистазде данде Советияб халкъалъ гьабураб къеркьей гIодобегIан гьабиялъе,нилъер пачалихъ къуватаблъун букIунгутIиялъе»**,-ян абуна З.Охъмазовас.

КIалъаязда гьоркьор рагъул хIакъалъулъ кучIдул цIалана ва ахIана цIалдохъабаз, машгьурал коч1охъаби: И.Висарбиевас, З. ГIамиевас, Р. Имамирзаевас, Р. Хасбулатовас, гьитIинав артист С. Имамирзаевас ва Л. Имамирзаевалъ.

З.Пумаровас, МВДялъул ветераназул Советалъул рахъалдасан, хасал шапакъатал ва ХIурматалъул грамотаби кьуна рагъулгун захIматалъул ветеранал: А. МухIамадовасе,М.ХарсмухIамадовасе, Х.ХарсмухIамадовалъе,ХI. МухIамадовалъе ва гь.ц.

«Нижер рукъ» ДРПОялъул рахъалдасан ветераназе сайгъатал кьуна А.Алгереевас, росдал администрациялъул рахъалдасан - Л.Жамаловалъ.

Жидер хIурмат гьабун, гьеб данделъи гIуцIаразе, гьенире гIахьаллъаразе, рагъул ва захIматалъул ветераназул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна МухIамад ХарсмухIамадовас.

Данделъиялъул гIахьалчагIи, рагъда гIахьаллъаразул суратал кодоргун, щвана, гьезул х1урматалда росулъ эхетараб, памятникалде аск1оре. Лъуна гьенир т1угьдул.

«Нижер рукъ» ДРПОялъул ва росдал администрациялъул хIаракатчилъиялда тIобитIараб гьеб данделъи бачана мугIалим М. Сираждиновас.

*С.САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар.*

# «Бергьенлъиялъул гьутIби» чIана...



6 маялда, КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялъул хIурматалда, районалъул Централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз Дилим росулъ тIобитIана «Бергьенлъиялъул гъветI чIей» абураб акция. Гьенире гIахьаллъана райадминистрациялъул, ЖамгIияб палатаялъул хIалтIухъаби, лицеялъул ва гимназиялъул цIалдохъаби, №2 ва №3 лъималазул ахазул гьитIичал ва гь.ц.

ЦIарлъаларев солдатасул памятникалда сверухъ гъутIби чIеялъул тадбиралда кIалъазе рахъана- районалъул бетIерасул заместитель И.Салиханов, райСобраниялъул депутат, рагъул гIахьалчиясул вас А.МухIамадов ва ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.Адимирзаев.

Гьез данделъаразе бицана ВатIаналде, гIагараб ракьалде, халкъалде гIолеб гIелалъул рокьи бижизабиялъе КIудияб Бергьенлъиялъул байрамалъул бугеб кIваралъул.

ЦIалдохъабаз ва лъималазул ахазул гьитIичаз гьенир цIалана рагъул бах1арзазул хIакъалъулъ кучIдул.

*Ажабика ГIАБДУЛМУСЛИМОВА.*

# Суратазул конкурс

КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялда хурхун,3 маялда Дилим росдал гимназиялда тIобитIана, «КIудияб рагъул ч1ах1иял тунка-х1усиял» абураб цIаралда гъоркь, суратал рахъиялъул конкурс.



Гьенире гIахьаллъана 11 школалдаса 6-8 классазул цIалдохъаби. Конкурс гIуцIаразул мурадлъун букIана гIолеб гIелалъул ВатIаналде, халкъалде, тIабигIаталде рокьи бижизаби, нилъер тарих лъазабиялде гьезул к1вар буссинаби ва гьеб наслабахъе кьеялде гьел хIадур гьари.

Конкурсалъ цIалдохъабазе рес кьуна жидер махщел загьир гьабизе.Лъималаз суратаздалъун бихьизабуна ВатIанияб рагъул бищунго захIматал, кIвар ц1ик1к1арал рагъазул хIакъикъат жидеда лъалеб букIин ва гьездалъун загьир гьабуна рагъаздехун бугеб рокьукълъи, гьеб хIажат гьечIеблъи.

ЦIалдохъабазул щибаб хIалтIи букIана 72 соналъ цебе нилъее Бергьенлъи босарал ветераназе рецц-бакъ гьабулеблъун.

Конкурсалда тIоцебесеб бакI босана лицеялъул 7-аб. классалъул цIалдохъан Расият Билаловалъ, кIиабилеб – Дубки посёлокалъул школалдаса 6-аб. классалъул цIалдохъан Джамал Сираждиновас ва лъабилеб –Ленинаул росдал №1 школалъул 6-аб. классалъул цIалдохъан Аскер Аскендеровас.

Призалъул бак1ал ккурал кIодо гьаруна РУОялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун.

*Н. М.-ХIАБИБОВА, методист ИМЦ.*

## К1удияб Бергьенлъиялъ - 72 сон!

# «Георгиевская лента» акция



5 маялда физкультураялъулгун спорталъул, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва туризмалъул комитеталъул жигаралдалъун, «Казбекалъул гIолилал – терроризмалде данде» абураб ахIиялда гъоркь, тIобитIана «Георгиевская лента» акция.

Гьенире гIахьаллъана - «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI.Мусаев, гьесул заместителал: И.И.Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б.Салимханов, райСобраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисханов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

КIалъазе рахъарал – ХI.Мусаевас, Х.МухIамадовалъ, И.Дадаевас бицана «Георгиевская лента»-ялъул магIна, гьеб акция гIуцIиялъул бугеб кIвар, гьал къояз, КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялда хурхун, районалда тIоритIулел ругел тадбиразул.

Гьез данделъиялъул гIахьалчагIазда баркана тIаде щолеб КIудияб Бергьенлъиялъул къо – 9 Май. Гьениб, лицеялъул, гимназиялъул ва лъималазул ахазул гьитIичаз рихьизаруна патриотикияб темаялда хурхарал сценкабигун кьурдаби, цIалана рагъул соназде ва гьезул бахIарзазде гьарурал кучIдул.

**«ЦIуне рекъел! ХIажат гьечIо рагъ! Ниж-терроризмалде данде!»** абурал ахIиязда гъоркь, лъималаз зодире риччана батIи-батIиял кьеразул, ракълил гIаламатлъун жал кколел, шарал.

*С.СУЛТАНМУХIАМАДОВА.*

# Росдал магIишаталда

Росдал магIишаталъул управлениялъул баяназда рекъон, 10 маялде районалъул маг1ишатазда бекьун буго 4040 га ракьул ва ихдалил культураби хьан руго 3252 гаялда.

Гьезда гьоркьор- сулу ва пурчIина- 290 га, цIоросаролъ-395 га, семучка - 470 га, дугу-130 га, гIемерсонилал херал-522 га, цо сонилал-760 га, овощал-170 га ва картошка-5I5 га.

*ГI.К. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ, УСХялъул бетIерав агроном.*

## Спорт - инсанасул сахлъи

# Бергьенлъиялъул х1урматалда

К1удияб Бергьенлъиялъ 72 сон т1убаялъул х1урматалда, 9-аб. Маялда т1орит1арал тадбиразул цояблъун бук1ана чуял рекеризе риччаялъул ва спорталъул бат1и-бат1иял миллиял тайпабазул къецаздасан г1уц1араб тадбирги.



Гьелъул х1урматиял гьалбаллъун рук1ана-транспорталъулгун энергетикаялъул ва бухьеналъул министр С.-п. Д. Г1умаханов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. Г1умаханов, Мах1ачхъалаялъул Советск районалъул прокурор М. Эмеев, Южно-Сухокумск шагьаралъул прокурор М. Иманалиев, Х1. Х1. Мусаевасул бет1ерлъиялда, райадминистрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял х1алт1ухъабиги.

Гьенире г1ахьаллъаразул къадар бахана 4000-ялдасаги ц1ик1к1ун чиясде. Гьеб спортивияб байрам рагьана, 3000 м. манзилалда рекериялдалъун.

Гьениб цоабилеб бак1 босана Буртунаялдаса Р. Г1индукъовас, к1иабилеб –Ц1ияб Костекалдаса Г1. Г1ашурулах1ажиевас, лъабабилеб –Ичк1аялдаса Х1. Пайзулаевас.

**Ч1аралъусан к1анц1иялъул къецазда** т1оцебесеб бак1алъе вач1ана Буртунаялдаса Б. Эмеев, к1иабилеб бак1 босана Дилим росулъа Д. Мах1амаевас, лъабабилеб бак1алъе мустах1икълъана Дилималдаса Г1. Темирбулатов.

**Гьел миллияй къецал лъуг1ана гамач1 рехиялдалъун.**

Гьениб цоабилеб бак1алде вач1ана Сасикьа Ш. Гьазимух1амадов, к1иабилеб бак1 босана Ц1умадаса Ш. Х1адисовас, лъабабилеб бак1алъе мустах1икълъана Дилималдаса Д. Мах1амаев.

**Чуял рекеризе риччана лъабго бат1ияб къаг1идаялда.**

**Цо горалъул** манзилалда рекеризе риччарал чуязул т1оцебе бач1ана Грозныялдаса К. Мах1амаевасул, к1иабилеб - Дилималдаса Р. Х1асанхановасул ва лъабабилеб Гуниялдаса Д. Мусакаевасул чуял.

**К1иго горалъул** манзилалда риччаразул т1оцебе бач1ана Дилим росулъа Х1. Абубакаровасул, к1иабилеб –Гуниялдаса Г1.-г1. Меджидовасул ва лъабабилеб –Дилималдаса Т. Темирбулатовасул чуял.

**Ункъо горалъул** манзилалда рекерарал чуязул т1оцебе бач1ана Дилималдаса Ш. Темиргереевасул чу, к1иабилеб –Гу-



ниялдаса Г1.-г1. Меджидовасул, лъабабилеб-Буртунаялдаса М. Г1индукъовасул чуял.

Миллияй къецазул призёразе ва призалъулал бак1ал ккурал чуязул бет1ергьабазе, райадминистрациялъул рахъалдасан, кьуна Х1урматалъул грамотаби ва г1арцулал шапакъатал.

*И. БУЛАТХАНОВ.*

# Эркенаб гугари



28-29 апрелалда Хасавюрт районалъул Сивухъ росулъ тIобитIана, рухIанияб лъайкьеялъул «Ас-салам» газета кIодо гьабиялъул мурадалда, республикаялъул роцада, эркенаб гугариялъул турнир. Полилазда гьоркьор тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана нилъер районалъул М. М.ГIазаевасул цIаралда бугеб МДЮСШялъул гугарухъабиги.

Жиде -жидер цIайиязда призёраллъун рахъана - М.-гIали Гебеков(I), И.Насрулаев (I), М.-паша Нуцалов (II), Г. МухIамадов (II) ва Г.ХIамзатов(III).

Гьел гугарухъаби ругьун гьарулел руго тренерал: А. Качалаевас, Г.ГIумаровас, М. МухIамадовас, М.ГIазаевас ва К.Даврбеговас.

Призалъулал бакIал щваразе гьенир кьуна медалал, ХIурматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.



3 маялда М.М. ГIазаевасул цIаралда бугеб МДЮСШялда тIоритIана, 2002-2003 соназ гьаруарал гIолилазда гьоркьор, эркенаб гугариялъул къецал. Гьенире гIахьаллъана районалъул росабалъа нусгоялде гIагарун гугарухъан.

Жиде-жидер цIайиялда чемпионаллъун рахъана-Гъ.Гебеков (32кг.), Г.ГIабдулаев (35кг.), Ш.Качалаев (38кг.), И. ГIабдулгьапуров (42кг.), М. Ильясов (46кг.), И. Салманов (50кг.), Д.Аскербиев (54кг.), А. ПамиргIалиев (58кг.), И. Ибрагьимов (63кг.) ва М.Садыкъов(69кг.).

Призалъулал бакIал ккурал гьенир кIодо гьаруна МДЮСШялъул дирекциялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун.

Чемпионазе рес щвана республикаялъул роцада тIоритIизе ругел эркенаб гугариялъул къецазда гIахьаллъизе.

*Н. АЛИУКЪАЕВ.*




## Х1урматиял районцоял!



**Унеб буго 2017 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания.**

**Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.**

**Багьа - 258 гъур.**

БетIерав редактор: Мухтар Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухIамадшарип ГIабдулашимов

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Сапият СултанмухIамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева
Типографиялъул адрес: г. Хасавюрт, ООО "Типография №4". Ул. Мусаева 42

Учредитель: администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес: 368141 РД, Казбековский район, с. Дылым.
Индекс: № 51354
Заказ № 71 Тираж 1550

Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014г. ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола

